दिन—सोम दिनांक—20.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक पाँचम चरण मे प्रदेशक पाँच लोकसभा क्षेत्र—सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुर मे कड़गर सुरक्षा व्यवस्थाक मध्य मतदान शांतिपूर्ण सम्पन्न भऽ गेल। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार साढ़े पाँच बजे धरि बावन दशमलव तीन पाँच प्रतिशत मतदाता अपन मताधिकार प्रयोग कयलनि। सभ सँ बेसी मुजफ्फरपुर मे करीब पचपन दशमलव तीन शुन्य प्रतिशत मतदान ील अछि। ओतहि, सीतामढ़ी मे तिरपन दशमलव एक तीन, हाजीपुर मे तिरपन दशमलव आठ एक, सारण मे पचास दशमलव चारि छओ आ मधुबनी मे उनचास दशमलव शुन्य एक प्रतिशत मतदान भेल अछि।

---

हमर संवाददाता जनौलनि जे विभिन्न मतदान केन्द्र पर मतदाता लोकनिक उत्साहक संग अपन भागीदारी निभाएलनि अछि। केन्द्रीय मंत्री नित्यानन्द राय हाजीपुर मे मतदान कएलनि। एम्हर, लोक गायिका आ राज्य स्वीप आइकॉन मैथिली ठाकुर मधुबनी संसदीय क्षेत्रक बेनीपट्टी मे मतदान कएलनि।

---

पाँचमच चरणक लोकसभा चुनावक अंतर्गत पाँच संसदीय क्षेत्र मे छओ महिला उम्मीदवार सहित कुल अस्सी प्रत्याशी चुनावी मैदान मे छथि। एहि चरण मे विधान परिषदक सभापति देवेशचन्द्र ठाकुर पूर्व केन्द्रीय मंत्री राजीव प्रताव रूढ़ी लोजपाक रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान आ लालू यादव के पुत्री रोहिणी आचार्य चुनावी प्रतिष्ठा दाँव पर अछि। राजदकँ अली अशरफ फातमी, शिवचन्द्र राम आ अर्जुन राय आओर कांग्रेसकँ अजय निषाद कँ चुनावी भाग्यक सेहो निर्णय होएब अछि। निवर्तमान सांसद अशोक यादव मधुबनी सँ चुनाव मैदान में छथि।

---

प्रदेश मे छठम आ सातम चरणक लेल चुनाव प्रचार अभियान जोर पर अछि। जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ वाल्मीकिनगर संसदीय क्षेत्रक मैनाटांड मे एनडीए प्रत्याशी सुशील कुमार के समर्थन मे चुनावी सभा कैँ संबोधित कएलनि। श्री कुमार सीवान मे सेहो चुनावी सभा के संबोधित कएलतनि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी वैशाली आ आरा लोकसभा क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी सभा कैँ कएलनि। एम्हर, राजद कैँ वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आ विकसशील इंसान पार्टी प्रमुख मुकेश सहनी कैँ पूर्वी चम्पारण, शिवहर, वाल्मीकिनगर, गोपालगंज आ वैशाली लोकसभा क्षेत्र मे संयुक्त रूप सँ इंडी गठबंधनक उम्मीदवार सभ कैँ समर्थन मे चुनावी सभा कैँ संबोधित कएलनि।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ दू दिवसीय दौरा पर पटना पहुँचता अछि। श्री मोदी भाजपाक दिवंगत नेता सुशील कुमार मोदी के राजेन्द्र नगर स्थित आवास जाकऽ हुनका **श्रद्धांजलि अर्पित करताह**। एकर बाद श्री मोदी भाजपाक प्रदेशक मुख्यालय मे पार्टीक पदाधिकारी लोकनिक संग बैसम करताह। ओ राजभवन मे रात्रि विश्राम करताह। काल्हि प्रधानमंत्री महाराजगंज आ पूर्वी चंपारण लोकसभा क्षेत्र सँ एनडीए उम्मीदवारक समर्थन मे **चुनावी रैली के सम्बोधित करताह**। एम्हर प्रधानमंत्री के कार्यक्रम के देखैत पटनाक बेलीरोड, डाकबंगला, कदमकुआँ सँ राजेन्द्र नगर धरि जायवला मार्ग पर साढ़े पाँच बजे सँ कार्यक्रम समाप्ति धरि आम वाहनक परिचालन बंद रहत। ओतहि, पटना जंक्शन जायवला रेलयात्री सभ के करबिगहिया दिस सँ स्टेशन प्रवेश करबाक सलाह देल गेल अछि।

———————————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकतर भाग मे मौसम मे आयल बदलाव सँ लोक सभ के गर्मी सँ थोड़ेक राहत भेटल अछि। मौसम विभागक अनुसार बंगालक खाड़ी मे चक्रवातीय सिस्टम के सक्रिय होयबाक कारणे प्रदेशक विभिन्न भाग मे नमीयुक्त हवाक प्रवाह अछि जाहि कारणे प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व भाग मे अनेक स्थान पर अगिला दू दिन धरि वर्षाक संभावना अछि। विभाग कटिहार, बांका, भागलपुर, मुंगेर, किशनगंज, अररिया सहित राज्यक पूर्वी भाग मे कतेको ठाम मेघगर्जनक संग वज्रपातक चेतावनी सेहो जारी कयलक अछि। एहि दरमियान चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रति घंटाक

गति सँ तेज हवा चलि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान बक्सर चौवालीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।